

10 mas 2020

Chè fanmi,

Sante ak sekirite tout elèv Depatman edikasyon Vil Nouyòk kontinye rete premye priyorite nou nan sitiyasyon viris Coronavirus (COVID-19) kap chanje a nan Nouyòk . N ap ekri w jodi a pou ba ou yon seri nouvo enfòmasyon enpòtan pou tout elèv ak fanmi yo, ki gen ladan dènve enfòmasyon sou fason pou pwoteje sante ou.

Men yon kantite aksyon nou deja pran ak bagay ou ka fè pou kenbe kominote nou an ansekirite. Bagay ki pi enpotan ou ka fè a se pou **rete lakay ou si w malad**. Tanpri gade fèy enfòmasyon [_Kisa ou dwe konnen_](https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/imm/novel-coronavirus-wuhan-factsheet.pdf) an [\[https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/imm/novel-coronavirus-wuhan-factsheet.pdf\]](https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/imm/novel-coronavirus-wuhan-factsheet.pdf) (li disponib ann anglè sèlman) ak feyè [_Sispann fè pwopagasyon \(Stop the Spread\)_](https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/imm/stop-the-spread-poster.pdf) a [\[https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/imm/stop-the-spread-poster.pdf\]](https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/imm/stop-the-spread-poster.pdf) (li disponib ann anglè sèlman) epi li pou jwenn plis enfòmasyon.

Preparasyon ak pwotokòl nou

Netwayaj + Ijyèn nan lekòl

Nou kontinye travay an kolaborasyon sere avèk Depatman sante ak ijyèn mantal Vil Nouyòk (New York City Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) pou amelyore pwotokòl nan lekòl yo. Sa gen ladan:

- Asire tout lekòl DOE yo gen enfimyè;
- Ogmante netwayaj an pwofondè pou jiska de fwa pa semèn kote nou dezenfekte sifas yo avèk dezenfektan netwayaj Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi (Center for Disease Control and Prevention, CDC) apwouve;
- Asire tout lekòl gen ase materyèl ijyèn ak materyèl netwayaj pou twalèt toujou genyen savon ak sevyèt an papyè;
- Founi tout lekòl mask pou yo itilize si yon elèv oswa yon manm estaf montre sentòm ki oblije izolasyon avan pou yo transpòte yo ka doktè ak/oswa pou yo teste yo; ak
- Ankouraje avèk fòs pou lave men regilyèman atravè jounen, patikilyèman avan w manje, epi fè chanjman ki nesèsè pou elèv gen tan pou lave men yo.

Vwayaj entenasyonal

- Yo anile tout vwayaj entènasyonal DOE patwone pou elèv ak anplwaye pou rès ane lekòl 2019-2020 an.
- Sa a gen ladan pwogram etid aletranje, kote yo pwograme pou elèv soti nan lòt peyi pou yo rete avèk fanmi nan vil Nouyòk, ak kote elèv nan lekòl piblik DOE ale aletranje.

Prezans

Nou pran angajman pou apeze enkyetid fanmi sou prezans ak admisyon.



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

- Absans elèv nan ane lekòl aktyèl la (2019–2020) pap afekte aplikasyon elèv 5yèm ak 8yèm ane kounye a k ap aplike pou lekòl presegondè oswa lekòl segondè pou ane akademik 2020-2021.
- Absans elèv nan ane lekòl aktyèl la (2019–2020) pap afekte aplikasyon elèv katriyèm ak setyèm ane kounye a k ap aplike pou lekòl presegondè oswa lekòl segondè pou ane lekòl 2021–2022 a.

E si yon elev santi limalad pandan li nan lekòl la?

- Nan ka yon elèv malad, ap konplenn li gen lafyèv, tous oswa souf anlè, yo dwe mennen timoun nan bay enfimyè lekòl la.
- Enfimyè a ap mande elèv la mete yon mask nan figi li, rele pou paran l vin chèche l, epi rekòmande pou yo rele yon founisè medikal pou di yo sa pou yo fè.
- Nenpòt elèv ki gen sentòm respiratwa ak lafyèv ta dwe rete tann nan yon anviwònman anba sipèvizyon ak pòt ki fèmen, lwen lòt elèv.

E si yo konfime gen yon ka COVID-19 nan lekòl mwen an?

- Nan ka DOHMH detèmine ke gen yon bezwen pou fè envestigasyon, fèmen, oswa pran lòt aksyon nan yon lekòl, y ap fè w konnen imedyatman.
- Dapre Eta Nouyòk, si gen yon ka konfime nan yon lekòl, yo dwe fèmen lekòl la pou 24 èdtan omwen pandan DOHMH ap envestige epi detèmine si li bezwen fèmen lekòl la pou pi lontan.
- Nou ankouraje w inyore rimè ou ta ka tande ki pa nan menm liy avèk kominikasyon ofisyèl ki soti nan DOHMH, DOE, ak lekòl ou a.

Nou ap travay avèk Eta a pou bay plis enfòmasyon sou gid pou fèmti lekòl n ap gen pou fè w konnen.

Reyinyon gwo gwoup

Kounye a, Vil la pa avize pou anile gwo evènman oswa rasanbleman piblik, men l ap suiv devlopman sitiwayon an epi y ap fè ajisteman jan sa nesesè.

- Si w malad, rete lakay ou.
- Si ou gen maladi kwonik tankou maladi kè, dyabèt, yon sistèm imin ki konpwomèt, maladi kwonik nan poumon, ak / oswa kansè, evite rasanbleman ak evènman ki pa nesesè.

Kisa ou ka fè

Evite fowl plis posib

- Mache oswa ale sou bekan nan travay si posib.
- Si tren an gen twòp moun, rete tann lòt la.

Si w santi w malad

- Rete lakay ou epi rele doktè ou si ou gen sentòm ki gen ladan tankou touse, souf anlè, lafyè, oswa gò fè mal.
- Si ou pa santi w pi byen nan 24-48 èdtan, chèche swen nan men doktè ou.
- Evite soti an piblik. Pa al lekòl oswa travay jiskaske ou pa gen lafyè ankò pou omwen 72 èdtan san w pa itilize medikaman kont lafyè tankou Tylenol oswa ibipwofèn.
- Si w bezwen ed pou swen medikal, rele 311.
- NYC ap ba w swen kelkeswa kondisyon imigrasyon w oswa kapasite w pou peye.

Gid espesyal pou Nouyòke ki gen kondisyon sante ki fe yo vilnerab

- Vil la ap konseye moun ki gen maladi kwonik nan poumon, maladi kè, kansè, dyabèt, oswa yon sistèm imin ki konpwomèt pou evite evènman ak rasanbleman ki pa nesesè.
- Si ou gen fanmi oswa zanmi ki gen youn nan kondisyon sa yo, pa ale we yo si ou santi ou malad.

Si w te fèk sot vwayaje

Nenpòt ki moun ki te vwayaje nan peyi Itali, Iran, Koredisid, Japon, oswa Lachin, epi ki retounen 4 mas 2020 oswa apre, yo dwe rete lakay yo, pa ale nan travay oswa lekòl pou 14 jou apre dènye jou yo te nan peyi sa a epi minimize kontak avek lòt moun.

- Si vwayajè ki retounen soti nan peyi ki afekte yo devlope lafyè, tous, oswa pwoblèm pou respire, yo ta dwe rele founisè medikal yo epi fè yo konnen sentòm yo ak istwa vwayaj la.
- Pou moun ki kontwole tèt yo lakay yo, DOHMH devlope yon nòt doktè ak FAQ pou sipò ki disponib nan [nyc.gov/coronavirus](https://www.nyc.gov/coronavirus) anba "Returning Travelers."

Elèv ak fanmi ki te retounen soti nan peyi ki afekte yo avan 4 mas 2020, yo ta dwe kontwole sante yo; si yo devlope nenpòt nan sentòm yo, yo ta dwe rete lakay yo epi rele founisè medikal yo. Tanpri suiv [CDC.gov](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/travelers/after-travel-precautions.html) pou nouvèl sou peyi ki afekte yo la a: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/travelers/after-travel-precautions.html> (li disponib ann anglè sèlman).

Kontinye pratike mezi prevansyon jeneral kont enfeksyon viris ki gen ladan:

- Lave men w souvan ak savon ak dlo.
- Kouvri nen ou ak bouch ou avèk yon tisi oubyen manch rad ou lè ou etènye oswa touse.
- Pa manyen figi ou si men ou pa lave.
- Pa bay lanmen. Olye lanmen, sekwe men w oswa kole koud ak koud.
- Suiv sante ou pi byen pase jan w toujou fe sa pou sentòm rim oswa sentòm grip.

Ki jan pou rete enfòm ak lite kont prejije

Pou jwenn dènnye enfòmasyon yo regilyèman sou dènnye devlopman yo konsènan viris coronavirus nan Vil Nouyòk, tèks COVID nan 692-692. Y ap voye tèks SMS regilye ak dènnye nouvèl yo ak devlopman yo ba ou.

- Tanpri li fèy enfòmasyon [What You Need to Know](#) [<https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/imm/novel-coronavirus-wuhan-factsheet.pdf>] ki vini avèk let sa a (li ann angle sèlman) pou plis enfòmasyon.
- Ale nan [nyc.gov/coronavirus](https://www.nyc.gov/coronavirus) nenpòt le pou jwenn nouvèl resan, ladan fason pou lite kont stigma ak prejije alantou pwoblèm sa a.

Li enpòtan pou nou reyini ansanm kòm yon vil ak sipòte youn ak lòt kòm vwazen ak Nouyòkè pandan tan sa a. COVID-19 pa gen plis chans pou yo jwenn li nan yon ras oswa nasyonalite an patikilye, epi nou chak dwe sevi kom modèl pou enklizyon ak travay aktivman pou konbat prejije nan travay ak nan kominote nou yo.

Sante ak sekirite elèv nou yo kontinye rete priyorite prensipal nou, epi nap kontinye suiv tout konsèy ak pran tout mezi apwopriye kòmsadwa, epi rete nan kominikasyon sere avèk fanmi nou yo.

Avèk senterite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Chanselye Depatman Edikasyon Vil Nouyòk